



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ALOKASYON KOURAN IDWOLIK KI PA CHÈ POU  
KAPAB KREYE 41 PÒS TRAVAY NAN REJYON LWÈS NEW YORK AK NAN  
NORTH COUNTRY**

***Prim pou De (2) Konpayi yo Pral Favorize \$5.2 Milyon nan Envestisman Kapital  
yo, Kreye 41 Nouvo Pòs Travay***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Konsèy Administrasyon (New York Power Authority, NYPA) a te apwouve nouvo alokasyon kouran idwolik ki pa chè yo pou pwodiktè yo ki nan Konte Niagara ak Konte St. Lawrence. Ansanm, alokasyon kouran yo pral sipòte \$5.2 milyon nan investisman kapital yo epi kreye 41 pòs travay.

“Aksè a kouran idwolik ki pa chè sa ede biznis yo reyenvesti nan tèt yo, plante rasin yo pi fon nan kominote nou yo, epi kreye travay,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon investisman entèlijan nan ekonomi Rejyon Lwès New York ak North Country yo ki pral ede biznis yo rete konpetitif, favorize kwasans, epi ranfòse ekonomi New York.”

Administratè NYPA yo te apwouve yon alokasyon 200 kilowat kouran idwolik pou Mayer Bros. Apple Products yo nan Konte Niagara ki ap pèmèt pwodiktè pou elaji nan Somerset, sa ki ap kreye 19 nouvo pòs travay ak prèske \$3.2 milyon nan investisman kapital yo.

Mayer Bros., ki se yon pwodiktè bwason ki nan boutèy yo, ki enkli sid pòm, ji fwi yo, dlo ak pwodwi bwason relatif yo, li pral konstwi yon batiman bò kote etablisman aktyèl li an ki ap mezire 40,000 pye kare. Pwojè a pral ajoute yon dezyèm liy pwodiksyon bwason pou reponn a bezwen konsomatè yo.

Konpayi a antisipe ke nouvo etablisman pral operasyonèl nan fen sezon ete a.

“Pwojè Kouran Niagara a se yon pyès fondamantal pou devlopman ekonomik nan Rejyon Lwès New York lan, epi desizyon Mayer Bros. lan pou elaji nan Somerset li se prèv de sa,” **se sa John R. Koelmel, ki se Prezidan NYPA, te deklare.** “Kouran idwolik ki pa chè ap redwi depans bazik pou kliyan enèji yo, sa ki ap pèmèt yo konsantre sou retounen investi nan pwòp pwodwi yo, etablisman yo ak travayè yo.”

Administratè NYPA yo te apwouve yon alokasyon 400 kilowat kouran idwolik pou

Potsdam Specialty Papers Inc. (PSPI) ki nan Konte St. Lawrence ki pral pèmèt pwodikèt a pou kòmanse ak yon pwojè ekspansyon nan etablisman Potsdam li an, sa ki ap kreye 22 nouvo pòs travay ak \$2 milyon nan investisman kapital yo.

Ekspansyon an enkli enstalasyon yon nouvo liy pwodiksyon, ki pral pèmèt PSPI pou amelyore kapasite pwodiksyon ak efikasite, epi kreye nouvo pwodwi. Konpayi an espesyalize nan satirasyon latèks a baz papyè yo ke yo konn itilize nan divès pwodwi diferan nan batiman ak konstwiksyon, otomobil, dekorasyon nan kay ak endistri medikal yo. Pwodwi prensipal li an se yon tep adezif ki espesyalize.

Yo prevwa ke ekspansyon an ap konplete sezon prentan sa.

An plis de dènye prim kouran idwolik lan, PSPI resevwa tou yon alokasyon kouran ki soti nan Pwogram ReCharge NY Gouvènè a pou konsèvasyon 67 pòs travay. Pwogram ReCharge NY lan se yon pwogram kouran atravè eta a ki te konsevwa pou favorize devlopman ekonomik nan tout kwen nan eta a nan bay kouran ki pa chè a biznis ak lòt antite yo ki dakò pou yo kreye oswa konsève travay.

“Angajman PSPI sa pou elaji operasyon li yo nan Konte St. Lawrence, li se yon bòn nouvèl pou rejyon an,” **se sa Eugene L. Nicandri, ki se Administratè NYPA epi abitan Massena, te deklare.** “NYPA dedike nan enèjize ekonomi North Country an nan favorize kouran idwolik ki pa chè ki soti nan pwojè kouran St. Lawrence-FDR lan pou biznis yo ki nan rejyon an.”

Yo te bay pwodikèt yo alokasyon kouran idwolik yo sou yon kontra sèt ane epi ke yo te retire nan sous kouran ki te soti nan Pwojè Kouran Niagara ansanm ak Pwojè Kouran Niagara St. Lawrence-Franklin D. Roosevelt Power Authority an.

“Santral idwoelektrik NYPA yo ki nan Niagara ak St. Lawrence yo aji kòm motè devlopman ekonomik konsiderab pou Rejyon Lwès New York lan ansanm ak North Country,” **se sa Gil C. Quiniones, ki se prezidan ak CEO NYPA te deklare.** “Alokasyon kouran idwolik ki pa chè ofri gwo bourad pou pwodikèt yo ki ap chèche mwayen pou elaji epi devlope nan rejyon sa yo.”

Kouran idwolik Niagara ki pa chè an li rezève pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de santral kouran Niagara a oswa pou biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Alokasyon kouran idwolik ki pa chè nan biznis ki nan Rejyon Nò New York yo apati enstalasyon St. Lawrence lan yo se pou antrepriz ki nan Konte Franklin, Jefferson ak St. Lawrence. Alokasyon kouran idwolik yo deja relye ak dè milye pòs travay nan rejyon sa yo.

###